*Ассаламу гІалайкум!*

# ГЬУДУЛЛЪИ

№46 (9593)

2014 соналъул *6 ИЮНЬ*

*РУЗМАН*

*БОЛЪИХЪ РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА*

## «Дир рекІел чІваби»

Дагъал церегІан къояз, ай 28 маялъ МахІачхъалаялда Авар театралъул залалда тІобитІана Дагъистан Республикаялъул халкъияй артистка, машгъурай кочІохъан Хадижат Жамалудиновалъул «Дир рекІел чІваби» абураб концерт

Хадижатида гьеб кочІол байрам баркизеги гьелъул кучІдузухъ гІинтІамизеги рачІарал зрителаз, гьудуллъи-гьалмагъзлъиялъ ва гІагарлъиялъ кьабун цІун букІана гьеб Авар театралъул зал.

Хадижат ккола нилъер районалъул АнсалтІа росулъа. Гьединлъидал гьей кочІохъаналъул гьунаралъ рекІее гІажаибаб, чІухІиги рохелги жубараб асар гьабула.

Хадижатил районцоязул рахъалдаса гьелда кочІол байрам баркун кІалъазе вахъана нилъер районалъул бетІер МухІамад ПатхІулаев.

-ХІакъикъаталдаги Хадижат ккола Дагъистаналъул бищунго машгъурал ва бищунго рокьулел кочІохъабазул цояй. Гьей ва гьелъул махщел бокьулел гІемер



руго Дагъистаналда, пишацадахъазе абуни, гьей йиго мисаллъун. Нижее бокьун буго, гьай гьайбатай кочІохъаналъе гьаризе бищунго аслияб-сахлъи, гІумрудул халатал сонал. Биччанте гьелъул хІайранаб гьаракьалъ жеги гІемер соназ рохизаризе нилъер ракІал, гьей Хадижатил рекІелъ абуни, биччанте букІине даимаб их,-ян абуна гьес.

Жийго кочІохъаналъ гьеб сордоялъ ахІана магІарулазул некІсиял кучІдул, Расул ХІамзатовасул, Залпа МухІамадрасуловалъул, ТубхІат Зургьаловалъул ва цогидалги шагІирзабазул рагІабазда кучІдул. ЧІагояб гьаркьидалъун ахІарал Хадижатил гьел кучІдуз лъикІаб асар гьабуна киналго гІенеккаразе.

Гьеб концерталда хІаракатаб гІахьаллъи гьабуна «Болъихъ» хореографическияб ансамблялъ. Жидерго церерахъиназда гьеб группаялъ рихьизаруна районалъул гІадатал, гІадамазул рукІарахъиналъул ва магІишатиял рахъазул сценкаби.

Тадбиралъул ахиралда Хадижат Жамалудиновалъ кІудияб баркала кьуна жиндир гьунаралъул адаб-хІурмат гьабун концерталде рачІарал киназего ва гьединго гьеб концерт гІуцІиялъе кумек-квербакъи гьабурал киназегоги.

**Ж. АХІМАДУДИНОВА, пресс-хъулухъалъул секретарь.**

### 1 ИЮНЬ-ЛЪИМАЛ ЦІУНИЯЛЪУЛ КЪО

## ЛЪИМАЛ-НИЛЪЕР БУКІИНЕСЕБ

ГІадатиял къояз жиндие цо хасаб гІодобиччай кьолеб базар къо-тІоцебесеб июналъ гІанчІаб лъимерлъиялъ сагьвил гьабун букІана. Районалъул централияб



библиотекаялда цебе бугеб парк букІана кьер-кьерал шариказ берцин гьабун къачІан. ЧІухІараб ретІелгун, гьурмада гьимигун, сверухълъиялъего чІаголъи кьолеб релъа-рохи букІана лъималазул. Лъималаз гІуцІараб ва лъималазе гІуцІараб гьитІинаб улкаялда релълъун букІана гьеб къоялъ парк. Жидерго пикрабиги, къасдалги, рохелги цоцай загьир гьабулаго къокъун ана гьезул къо. Амма гьелдалъун лъугьинчІо гьезул байрам. КІиабилеб июналъги лъимал цІуниялъул къоялъ къвал бан букІана сверухълъиялдаго. Радал сагІат І0 тІубадал Культураялъул рукъоб тІобитІана гьитІинчазул байрам. Жеги клубалде унелъулго бер чІвазе бегьулаан библиотекаялда цере лъурал гьитІинчаз рахъарал суратазда. Районалъул росабалъан ва райцентралдаса рачІарал гьитІинчаз балагьизе рачІаразе бихьизе гьабулеб букІана жидерго сурат бахъизе бугеб гьунарги махщелги. Бикьулеб букІана жидерго бацІцІадаб рекІел, бацІцІадаб гьоркьоб жахІда-хІусуд гьечІеб рокьиги, рохелги.Байрам рагьана районалъул Культураялъул управлениялъул нухмалъулев ГІумаров МухІамадица. Гьес гьитІинчазда баркана гьезул байрам ва асфальталда суратал рахъун бергьаразе кьуна гІарцулал шапакъатал.

Гьелдаса хадуб жидерго кьурдизе, кечІ ахІизе бугеб махщел -гьунар бихьизабизе тІоцере сценаялде цере рахьана Къохь росдал «Радуга» садикалъул гьитІинчал. Иргадал цере рахьана РахатІа росдал «Ласточка», АнсалтІа росдал «Аист» садикал ва Милосердиялъул гьунарчагІи. Загьирлъулеб букІана клубалда гІодорчІарал гьитІинчазул аваданлъиги, улбузул бадиб магІилъ бахчун бугеб рохелги.Лъималаз ахІана ва цІалана кучІдул, гьабуна пародия, бихьизабуна кьурди. БитІахьего балагьарал гьитІинчазда цере рачІана бищунго жидее хирияб мультикалъул персонажал Маша ва Медведь. Гьединго балагьизе рачІаразе чІахІиязегун гІисиназе рес щвана мороженоялъул тІагІам босизеги. Гьеб бикьулеб букІана культураялъул хІалтІухъабаз. Тадбиралъул ахиралда МухІамад ГІумаровас щибаб гІахьаллъараб садикальегун Милосердиялъе кьуна грамотаби ва лъималазе шапакъаталги. Баркала загьир гьабуна гьезул нухмалъулезеги. Гьоркьоб течІо Реабилитационнияб централъул гьитІичалги, клубалда гІахьаллъичІониги гьезулги букІанин лъикІаб хІадурлъиги церерахьингиян абун шапакъатал рихьизаруна гьезиги. ГьитІичазул цадахъаб кьурдиялдалъун ахир лъуна лъимал



цІуниялъул къоялда хурхун тІобитІараб тадбиралда.

**З. МУХІАМАДОВА.**

# ПЕРЕЧЕНЬ ВИДОВ ГОСУДАРСТВЕННОЙ ПОДДЕРЖКИ АПК РЕСПУБЛИКИ ДАГЕСТАН В 2014 ГОДУ

Предоставление субсидий за счет средств федерального бюджета и республиканского бюджета Республики Дагестан на возмещение части затрат на уплату процентов по инвестиционным кредитам (займам), полученным в Российских кредитных организациях и займам, полученным в сельскохозяйственных кредитных потребительских кооперативах.

Предоставление субсидий на возмещение части затрат на уплату процентов по краткосрочным кредитам, полученным в Российских кредитных организациях и займам, полученным в сельскохозяйственных кредитных потребительских кооперативах на срок до 1 года.

Предоставление субсидий за счет средств федерального бюджета и республиканского бюджета Республики Дагестан на возмещение гражданам, ведущим личное подсобное хозяйство сельскохозяйственным потребительским кооперативам, крестьянским (фермерским) хозяйствам части затрат на уплату процентов по кредитам, полученным в Российских кредитных организациях и займам, полученным в сельскохозяйственных кредитных потребительских кооперативах.

Предоставление субсидий из республиканского бюджета Республики Дагестан на реконструкцию, строительства и техническое перевооружение оросительных систем общего и индивидуального пользования.

Предоставление субсидий из республиканского бюджета Республики Дагестан на закладку и уход за многолетними насаждениями.

Предоставление субсидий из республиканского бюджета Республики Дагестан на поддержку элитного семеноводства.

Предоставление предусмотренных в республиканском бюджете Республики Дагестан средств на мероприятия против особо опасных вредителей (саранчовых).

Предоставление субсидий из республиканского бюджета Республики Дагестан на поддержку рисоводства.

Предоставление субсидий сельскохозяйственным товаропроизводителям на возмещение части затрат на уплату страховых премий по договорам сельскохозяйственного страхования.

Предоставление субсидий за счет средств республиканского бюджета Республики Дагестан на оказание не связанной поддержки сельскохозяйственным товаропроизводителям в области растениеводства.

Предоставление субсидий за счет средств республиканского бюджета Республики Дагестан на приобретение базовыми питомниками базисного (маточного) материала.

Предоставление субсидий за счет средств республиканского бюджета Республики Дагестан на возмещение части затрат на раскочевку многолетних насаждений.

Предоставление субсидий на развитие овощеводства защищенного грунта.

Предоставление субсидий на развитие логистических (оптово-распределительных) центров для хранения, предпродажной подготовки и реализации овощей, фруктов и картофеля.

Предоставление социальных выплат на строительство ( приобретение) жилья гражданам, проживающим в сельской местности Республики Дагестан, в том числе молодым семьям и молодым специалистам.

Консультационная поддержка организаций и индивидуальных предпринимателей по внедрению прогрессивных технологий, по правовым и иным вопросам организации деятельности в сфере агропромышленного комплекса.

Предоставление субсидий за счет средств республиканского бюджета Республики Дагестан на развитие консервной промышленности.

Предоставление субсидий за счет средств федерального бюджета и республиканского бюджета Республики Дагестан на развитие социального питания и адресной продовольственной поддержки.

Предоставление субсидий за счет средств федерального бюджета и республиканского бюджета Республики Дагестан на развитие переработки продукции в отрасли растениеводства.

Предоставление субсидий за счет средств федерального бюджета из республиканского бюджета Республики Дагестан на развитие переработки продукции в отрасли животноводства.

Предоставление субсидий из республиканского бюджета Республики Дагестан на поддержку племенного животноводства.

Предоставление субсидий из республиканского бюджета Республики Дагестан на перегон и перевозку овцепоголовья на летние и зимние пастбища.

Предоставление субсидий из республиканского бюджета Республики Дагестан на поддержку овцеводства.

Предоставление субсидий за счет средств республиканского бюджета Республики Дагестан на развитие молочного скотоводства.

Предоставление субсидий за счет средств республиканского бюджета Республики Дагестан на развитие мясного скотоводства.

Предоставление субсидий за счет средств республиканского бюджета Республики Дагестан для поддержки сельскохозяйственных товаропроизводителей на развитие производства и переработки яиц и мясо птицы в Республики Дагестан.

Предоставление субсидий за счет средств республиканского бюджета Республики Дагестан на возмещение части затрат связанных с поддержкой сельскохозяйственных товаропроизводителей, осуществляющих производство свинины, мясо птицы и яиц в связи с удорожанием приобретенных кормов.

Предоставление субсидий за счет средств республиканского бюджета Республики Дагестан на возмещение части расходов сельскохозяйственных товаропроизводителей на приобретение сельскохозяйственной техники.

Предоставление грантов на создание и развитие крестьянского (фермерского) хозяйства и единовременной помощи на бытовые обустройства начинающим фермерам.

Предоставление грантов на развитие семейных животноводческих ферм.

Необходимую информацию можно получить по электронному адресу.

## КОЛОНКА ПРОКУРОРА

# Порядок оформления срочного трудового договора несколько отличается от порядка заключения договора на неопределенный срок

Порядок оформления срочного трудового договора несколько отличается от порядка заключения договора на неопределенный срок.

Прежде всего, условие о срочности договора должно быть обязательно включено в текст документа, подписываемого работником и работодателем. Если же в трудовом договоре прямо не указан срок его действия, то трудовые отношения считаются бессрочными.

При этом положения абз. 5 ст. 58 ТК РФ следует понимать буквально: для признания договора срочным недостаточно простого указания на его срочность, необходимо четко установить, до какого числа он будет признаваться действующим, либо порядок определения такой даты.

Указание определенной даты в срочном трудовом договоре не обязательно, если работник принимается для выполнения определенной работы на время ее выполнения. В этом случае достаточно указать, что трудовой договор действует до выполнения работником всех задач, для решения которых он был принят.

Помимо этого, трудовой договор при определении срока его действия может отсылать к какому-либо иному документу (например, приказу о назначении). В принципе включение в трудовой договор бланкетных (отсылающих к другим документам) норм законом не запрещено. При этом следует помнить, что норма, к которой отсылает трудовой договор, является неотъемлемой его частью.

Срок трудового договора указывается также и в приказе о назначении на должность в специально отведенной для этого графе унифицированной формы № Т-1 приказа (распоряжения) о приеме работника на работу (утвержденной Постановлением Госкомстата РФ от 5 января 2004 г. N 1). Однако неправильное заполнение этого поля не послужит причиной признания трудового договора с работником заключенным на неопределенный срок, если из содержания трудового договора четко следует, что он является срочным.

Основной гарантией от излишнего распространения срочных трудовых договоров является ст. 59 ТК РФ, регламентирующая, в каких случаях ограничение трудовых отношений сроком возможно. Перечень, установленный ст. 59 ТК РФ, является исчерпывающим и расширительному толкованию не подлежит. В иных случаях, не указанных в этой статье, заключение срочного трудового договора не допускается.

Таким образом, срочный трудовой договор заключается в обязательном порядке:

на время исполнения обязанностей отсутствующего работника, за которым в соответствии с трудовым законодательством и иными нормативными правовыми актами, содержащими нормы трудового права, коллективным договором, соглашениями, локальными нормативными актами, трудовым договором сохраняется место работы;

на время выполнения временных (до двух месяцев) работ;

для выполнения сезонных работ, когда в силу природных условий работа может производиться только в течение определенного периода (сезона);

с лицами, направляемыми на работу за границу;

для проведения работ, выходящих за рамки обычной деятельности работодателя (реконструкция, монтажные, пусконаладочные и др.), а также работ, связанных с заведомо временным (до одного года) расширением производства или объема оказываемых услуг;

с лицами, поступающими на работу в организации, созданные на заведомо определенный период или для выполнения заведомо определенной работы;

с лицами, принимаемыми для выполнения заведомо определенной работы в случаях, когда ее завершение не может быть определено конкретной датой;

для выполнения работ, непосредственно связанных со стажировкой и с профессиональным обучением работника;

в случаях избрания на определенный срок в состав выборного органа или на выборную должность на оплачиваемую работу, а также поступления на работу, связанную с непосредственным обеспечением деятельности членов избираемых органов или должностных лиц в органах государственной власти и органах местного самоуправления, в политических партиях и других общественных объединениях;

с лицами, направленными органами службы занятости на работы временного характера и общественные работы;

с гражданами, направленными для прохождения альтернативной гражданской службы;

при заключении трудового договора с лицом, прибывшим из военного комиссариата для прохождения альтернативной гражданской службы (п. 2 ст. 16 Федерального закона от 25 июля 2002 г., в редакции от 6 июля 2006 г., N 113-ФЗ "Об альтернативной гражданской службе");

с руководителями созданных потребительскими обществами или союзами организаций (п. 5 ст. 6 Закона РФ от 19 июня 1992 г., в редакции от 21 марта 2002 г., N 3085-1 "О потребительской кооперации (потребительских обществах, их союзах) в Российской Федерации").

Таким образом, ТК РФ ограничивает не только права работника на заключение бессрочного трудового договора, но и право работодателя, готового пойти навстречу своему сотруднику. Иными словами, в указанных случаях срочный договор должен быть заключен в обязательном порядке.

**А. Азизов, помощник прокурора.**

# «КЪАЛУЛ МАЙДАНАЛДА ЦО ЧИГИ - РАГЪУХЪАН»



Гьеб гъваридаб магIнаялъул пикруялъ жанире рачунел руго гIумруялъул цогидал киналго рахъалги. Цо пуланав авторасул тIехьалда цIарлъун ругел гьел рагIаби дида ракIалде щвана, дагьал церегIан къояз районалъул поликлиникаялде щведал.

Участковыяв терапевт ХIажи Темирхановасул кабинеталда цебе бугоан кIудияб очередь. Гьенив чIезе заманги букIинчIого, пикру ккана цогидав терапевтасухъе ине. Цоял отпускалда рукIун, цогидал хъулухъалъулал ишазде ун, цонигияв терапевт гьечIоан гьенив.

Очередалда чIун йигей цо кIудияй гIаданалъ абуна киналго ХIажица къабул гьарулел ругилан ва жийги гьедин чIун йигин очередалдаян. Бегьулаянги абун дунги чIана гьебго очередалда. Амма ирга щвеялда щаклъи букIана…

Тохтурасин абуни перерывалъги инчIого къабул гьарулел рукIана унтарал. Амма нижер росулъе хьвадулеб маршруткаги ун хутIиялдаса хIинкъун, сагIат щугоялде хIалтIидал, рехун очередьги тун, нахъе ана дун. Щвана тIасияб къоялъги. Добго бакIалда- добго очередь, амма гIадамал-цогидал. Гьанжеги чIана гьенив ункъабилевлъун. Диде ирга щведал байбихьана перерыв. Гьаб щибдай дандеккунгутIиян дида ракIалде ккараб параялъго нуцIаги рагьун къватIиве ваккарав тохтурас-Мунги дихъейищ,-ян гьикъана. «Духъе вуго»,-ян абидал, жаниве щай лъугьинчIев, гьаниве вачIаян абуна гьес. Перерыв байбихьидал къабул гьавизе ватиларин чIун вукIана.-НуцIихъ эхетун унтарав вукIадго, перерыв кинаб букIинеб тохтурасе, гIодов чIа, бице щиб унтулебилан абун балагьизе лъугьана гьев…

Гьесухъан разиго нахъе ана дун. Амма кинго кIочон толеб гьечIо тохтур ХIажил тIалабагъазги, унтул щвалде щвараб цIех-рех гьабиги, къабул гьаризе кколел унтаразул гIемерлъиялде балагьичIого гьес цIунулеб букIараб гIаданлъиги, гIадатлъиги, сабруги. Гьеб кинабго рекIелъ цIунун хутIун бугелъул ракIалде ккана цогидазе мисалалъе гIаги букIине «Гъудуллъи» газеталде хъванани киндай букIинаян.

Хирияб редакция, бокьилаан гьаб дир макъала «Гъудуллъи» газетаялда бахъизе.

*М-ХI. ГIУМАРОВ,*
*Гъодобери росу.*

***Редакциялъул рахъалдасан:***

**ГIадамазе жидерго тIадал хъулухъал гьариялъулъ гIаданлъиги инсанчилъиги, сабруги цIунулел гIадамазул хIакъалъулъ рачIунел макъалаби газеталда рахъизе хIадурал рукIуна ниж.**

# ЛИЧНЫЙ КАБИНЕТ НАЛОГОПЛАТЕЛЬЩИКА

Заполнить декларацию по НДФЛ теперь можно с помощью сервиса «Личный кабинет налогоплательщика для физических лиц».

Ранее для заполнения декларации о доходах налогоплательщикам было необходимо скачать специальную программу на сайте ФНС России.

Теперь отчитаться о своих доходах или заявить о налоговых вычетах можно с помощью «Личного кабинета».

Сервис позволяет легко заполнить налоговую декларацию по НДФЛ с помощью подсказок в интерактивном режиме, онлайн. При этом отсутствует необходимость вносить часть личных данных – они заполняются в декларации автоматически.

Налоговую декларацию по НДФЛ (форма 3-НДФЛ) по доходам, полученным за предыдущий год представляют до 30 апреля текущего года.

В указанный срок обязаны представить налоговую декларацию по НДФЛ лица, получившие доходы:

- от продажи имущества находящегося в их собственности менее трех лет, ценных бумаг, долей в уставном капитале;
- от сдачи квартир, комнат и иного имущества в аренду;
- в виде выигрышей в лотереи и тотализаторы;
- полученные в порядке дарения;
- с которых не был удержан налог налоговым агентом и т.д.

Налоговая декларация по НДФЛ представляется в налоговый орган по месту постоянной прописки налогоплательщика.

Следует иметь в виду, что представление налоговой декларации лицом, обязанным ее представить в отношении полученных в 2013 году доходов, после установленного срока (после 30 апреля 2014 года) является основанием для привлечения такого лица к налоговой ответственности в размере не менее 1000 рублей.

Вместе с тем, если налогоплательщик представляет НАЛОГОВУЮ декларацию по НДФЛ исключительно с целью получения налоговых вычетов, установленный срок подачи декларации - 30 апреля 2014 года - на него не распространяется. Такие декларации можно представить в любое время в течении года.

**ГIабдулмажидова Мадинат Хайрулаевналъул** цIаралда 1996 соналъ Болъихъ къасисеб школалъ кьураб аттестат А № 389645 билун буго.

***Гьеб гьанжеялдаса нахъе хIакъикъияб гуреблъун рикIкIуна.***

**СПОРТ — СПОРТ — СПОРТ**

# ЕВРОПАЯЛЪУЛ ЧЕМПИОНАЛ

**26 маялъ райадминистрациялъул данделъабазул залалда районалъул нухмалъулез ва активалъ кIудияб адаб-хIурматалда къабул гьаруна вацал АхIмад ва МухIамад ДибирхIажиевал. Гьел Чанхъо росулъа гIолилал рахъана эркенаб гугариялъул рахъалъ Европаялъул чемпионаллъун.**



**Данделъиялда гIахьаллъарав районалъул бетIер МухIамад ПатхIулаевас спортсменазда ракI-ракIалъ баркана гьеб тIадегIанаб бергьенлъи, гьарана гьезие сахлъи, хадубккунги спорталъулъ битIккей ва щваралда гIей гьабун чIечIого, жеги тIадегIанал бергьенлъаби. Гьес администрациялъул рахъалдаса кьуна гIарцулаб сайгъатги (100 азарго гъурущ).**

**Гьединго спортсменазда бергьенлъиги баркун гIарцулал сайгъатал кьуна Чанхъо росдал администрациялъул бетIер Ислам ГIалиевас, районалда бугеб субсидиязул хъулухъалъул начальник ГIабдурахIман Сайфулаевас, районалъул пенсионнияб фондалъул вакил МахIач Набиюлаевас.**



**ТIаде рачIарал гьалбадерицаги баркана кIиявго вацасда бергьенлъи, гьарана гьезие дунялалъулго ва Олимпиялъул чемпионаллъун рахъине.**

**Ахиралда спортсменазги, гьезул гIагарлъиялъги кIудияб баркала кьуна районалъул бетIер МухIамад ПатхIулаевасе ва киналго данделъаразе гьабураб адаб-хIурматалъухъ. Спортсменаз рагIи кьуна жеги даража цIикIкIарал бергьенлъабиги росун районцоял рохизаризе.**

**Ж. АхIмадудинова.**

## РЕСПУБЛИКАЯЛДА ЧIЕГIЕРБАЙ РАГIИНАБУНА

ЦIунтIа районалдаса МахIачхъалаялде тIад 17 чигун 4 абилеб июналда унеб букIараб маршрутка кIкIалахъе бортун буго ЦIумада районалъул гIорхъоде щведал. Хун вуго 6 чи, 6 чи больницаялде вачун вуго, спасателазе жеги кодове щун гьечIо 5 чи.

Пассажиразда гьоркьор рукIун руго 10 лъималги.

Гьелда бан Дагъистаналъул бетIерас республикаялда 5 абилеб июнь рагIинабун буго чIегIербараб къолъун (траур). Республикаялда гIодоре риччан руго пачалихъиял байрахъал, чIезарун руго рекIелгъеялъулал тадбиралги ва телепередачабиги.

**Районалъул росабазул жамагIатаз гъваридаб пашманлъи загьир гьабун зигара балеб буго гьениб къадар ккарал киназулго гIагарлъиялда. Дуниял тун арал киназего Аллагьас алжан насиб гьабеги.**


***Газета гIуцIарал:*** *Болъихъ районалъул администрация ва редакциялъул коллектив*

***Учредители:*** Ботлихская районная администрация и коллектив редакции

***БетIерав редактор*** *ГI. ГIумаханов*

***Редакторасул заместитель*** **А. Агъларов**

***Жавабияй секретарь*** **З.ГIумарова**

***Отделалъул редакторал*** **Ш. Лабазанов, П. Дибирова**

**ГЪУДУЛЛЪИ**

*Тираж 1000*

**Мухбирзаби**

*З.МухIамадова/М.ГIумаханова*

**Наборщица** П. Эльдарова

**Фотокорр.** *Ш.Муртазалиев*

**Дизайнер** А. Назирбекова

**Программист** А. Ибрагьимова

*Газета бищана редакциялъул компьютеразул цехалда, кьабуна ООО «Лотос» типографиялда.*

*Адрес: 367018, МахIачхъала, Пушкинил къватI, 6*

*Газеталъул регистрация гьабуна Югалъулаб округалъул регионазда гьоркьосеб бакIалъулаб управлениялъ. Регист. ПИ № 10 - 4614*

*Редакциялъул пикру кидаго гуро макъалабазул авторазул пикругун данде кколеб. Макъалабазда рихьизарурал хIужабазул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб кьола гьезул авторaз.*

*Эл. адрес druzhba555@mail.ru*